**Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение**
**«Сивухская средняя общеобразовательная школа»**

**Хасавюртовского района Республики Дагестан**

| Согласовано: | Утверждаю: |
|---|---|
| Заместитель директора | Директор МКОУ |
| по УВР | «Сивухская СОШ» |
| Нуциев С.А.__________ | Набиев Н.Х |
| 31.08.2023 г. | Приказ №_67 |
| | от 1.09.2023г. |

# Рабочая программа

# по родной литературе

# 5-9 класс

**Программаялъе баян..........................................................................................................................................3**

**«Авар адабият» ц1алул предметалъул г1аммаб характеристика ..........................................................4 8**

**«Авар адабият» ц1алул предмет малъиялъул мурадал......................................................................................4**

**Ц1алул планалда «Авар адабият» ц1алул предметалъ кколеб бак!..........................................................7 «Авар адабият» ц1алул предметалъул г1уц 1и**

**5 класс.......................................................................................................................................................... 8**

**6 класс.......................................................................................................................................................... 9**

**7 класс..........................................................................................................................................................10**

**8 класс..........................................................................................................................................................11**

**9 класс..........................................................................................................................................................12**

**«Авар адабият» ц1алул предмет лъазабиялъул х1асилал........................................................................... 13**

**Напсиял х1асилал ........................................................................................................................................ 13**

**Метапредметиял х1асилал.......................................................................................................................... 17**

**Предметиял х1асилал..................................................................................................................................18**

**5 класс.......................................................................................................................................................... 19**
**6 класс ........................................................................................................................................................**
**7 класс ........................................................................................................................................................**
**8 класс ........................................................................................................................................................**
**9 класс ........................................................................................................................................................**
**Тематикияб план ........................................................................................................................................28**

**5 класс (34 саг1ат)......................................................................................................................................**

**6 класс (34 саг1ат) .....................................................................................................................................**

**7 класс (34 саг1ат) ....................................................................................................................................**

**8 класс (34 саг1ат) .....................................................................................................................................**

**9 класс (34 саг1ат) .....................................................................................................................................**

**Программаялъе баян**

Программа х1адур гъабуна РФ Лъайкьеялъул министерствоялъ 2021 с. 31 маялда тасдикъ гъабураб (№ 287) ас- лияб школалда лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги тарбия кьеялъул мисалияб программаги кьоч1ое росун.

Программа г1уц1ун буго жакъа къоялъ школалда лъайкьеялде ругел ц1иял т1алабалги, гъабсаг1ат к1вар бугел методикабазул ресалги х1исабалде росун, муг1алимзабазе «Авар адабият» ц1алул предметалъул х1алт1ул программа г1уц1изе кумек гъаби мурадалда.

Программаялъ аслияб школалда стандарталъ бихьизабураб авар адабият малъиялъул мурадалда рекъон стан- дарталъул х!асил рагъула ва рагIа-ракьан бахъун мухЗканлъизабула, гьединго цIалул предметалдалъун цIал- дохъабазе лъай ва тарбия кьеялъул нух бихьизабула.

Г ьелъ рес кьола гьединго муг1алимзабазе адабият малъулаго стандарталъ т1алаб гъабулел напсиял, предмети- ял, метапредметиял х1асилал г1умруялде рахъинаризе ресал ралагьизе, адабияталъул дарсазда чара гьеч1ого кьезе кколеб лъай баян гьабизе, малъизе кколел асаразул сиях1 ч1езабизе, гьел киналго т1алабалги лъайги щибаб клас- салъе мух1кан гьаризе.

Программа ккола мисалияб, ай гьелъул кьуч!алда муг1алимзабаз йу^изе бегьула автораразул программаби (ц1алдохъабазул къадар, лъаялъул даража, гьезулгун классалда х1алт1и гьабизе ругел шарт1азде балагьун, шко- лалъул ва муг1алимзабазул ресал х1исабалде росун) ва цIалул тIахьал.

Аслияб школалда авар адабият лъазабула гьал хадусел аслиял мурадазде щвезе:

- Дагъистаналъул халкъазул рух1ияб бечелъиялъул кьуч1алда г1олилазе тарбия кьей;
- рух1ияб рахъалъ цевет1урав, г1адамазул адаб-х1урмат гьабулев, жиндирго миллат ва Ват1ан бокьулев, кинабго рахъалъ камилав инсан куцай;
- жиндирго пикру билълъанхъизабизе, творческияб къаг1идаялъ х1алт1изе ц1алдохъанасул бугеб бажари це- бет1езаби;
- авараразул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул художествиял асарал ричМи, гьел ц1али ва гьезул анализ гьаби;
- жамаг1аталъ къабул гьабурал рух1иялгин эстетикиял нормаби лъазариялъеги, инсанасул г1умруялъул киналго рахъазул х1акъалъулъ лъай щвезабиялъеги, цоцазулгун гьоркьоблъи (ай бухьен) гьабиялъеги адабияталъ квер- бакъулеблъи бичМи;
- авар адабияталъул эстетикияб бечелъи ва авар мац1алъул берцинлъи, гьайбатлъи, пасих1лъи бич1ч1и;
- художествияб текст ц1ализеги, гьелъул анализ гьабизеги, маг1на бич1ч1изабизеги, баян кьезеги бугеб бажари борхизаби;

-бат1и-бат1иял къаг1идабаздалъун художествияб тексталъул х1асил бич1ч1изабизеги, жиндирго текст г1уц1изеги, ц1алараб жоялъе къимат кьезеги, гьелда т1аса жиндирго пикру загьир гьабизеги гъваридго лъазаби;

- щибаб къойилаб г1умруялъулъги, ц1алулъги, х1алт1улъги авар адабияталъул асараздаса пикраби х1алт1изаризе бажари;
- калам камиллъизабизе, каламалдалъун цоцада рич1ч1изе ва цоцада гьоркьоб бухьен ч1езабизе бугеб бажари цебет1езаби;
- ц1алиялда хурхарал бат1и-бат1иял х1алт1аби (ай мурад лъезеги, план г1уц1изеги, жиндирго каламалда хадуб халкквезеги, цТалараб бичМизеги, гьелъул анализ гьабизеги, материал балагьизеги ругьунлъи.

**Курсалъул г1аммаб характеристика**

Программаялда ч1езабун буго авар адабияталъул курс малъулаго лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине кколеб бажариялъул мух1канаб г1урхъи-рахъ, гьелъ ц1алдохъабазулъ куцазе кколел х1асилал.

«Авар адабият» предметалъ рес кьола г1ун бач1унеб г1елалъул г1амал-хасият, напс, рух1ияб рахъ бит1ун куцазе. Художествиял асарал ц1алигун, ц1алдохъабазда бич1ч1ула раг1ул берцинлъиялъул к1вар, ва гьезда лъала авар мац1 жиндиего хасиятаб гогьаргун бицине. Лъимал ругьунлъула сипатияб каламалде, шаг1ирзабазул, хъвада- рухъабазул пасих1аб мац1алде, берцинго, дурусго раг1аби дандразе, калам г1уц1изе, маг1наялда рекъараб форма ба- тизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелъ к1удияб кумек гьабула ц1алдохъабазул мац1 бечед гьабизе, гьезул каламалъул культура борхизабизе ва берцинго цоцазда бечедаб мац1алдалъун гаргадизе.

Авар адабияталъул дарсаз раг1ул устарлъиялда хадур лъимал гъезарула, камилал художествиял асаразда гъорлъе раккизе ругьун гьарула, пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачуна, гьелъул кьуч1алда асара- зулъ рихьизарурал жамг1иял гьоркьоблъабаздалъун, г1адамазул г1амал-хасияталдалъун авторасе абизе ва би- хьизабизе бокьараб пикру рагьиялде ва бичМиялде рачуна.

Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи х1исабалда къабул гьабизе. Гьеб мурадалъе г1оло ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул адабияталдаса авар мац1алде руссинарурал лъик1ал асаралгун.

Программаялда школалда малъизе т1аса рищун руго хъвадарухъабазул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе к1вар бугел, мух1канал асарал.

Авар адабияталъул дарсида к1алзул гьунарги гьелда т1ад х1алт1улеб г1елмуги (литературоведение) жубазабула.

Адабият, т1ад ургъун гьабураб берцинаб к1алзул гьунар х1исабалда, ккола г1умру лъазабиялъул хасаб къаг1ида, гьелъул берцинаб куц, нилъеда цебе ч1олеб дунялалъул г1елмияб сураталдаса бат1ияб, г1аданасул г1умруялде бат1ияб асар гьабун бажарулеб, хъвараб жо ц1алулаго жиндиргоги пикраби цадахъ ц1убалеб творчество.

Адабияталъул дарсазда ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула художествиял асаразулгунги, гьел асарал хъварал маг1арулазул ва дагъистаналъул жакъасел ва цересел хъвадарухъабазулгунги.

Художествиял асарал ц1алигун, нилъер лъималазул дунялалдехун бугеб бербалагьи г1ат1илъула, гьезда г1еме- раб жо лъала, магТарулазул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул адабияталъул бечелъи ва берцинлъи бичМула.

Раг1абазул ва мац1алъул ишарабазул кумекалдалъун литературиял асаразулъ бихьизабураб г1умрудул художе- ствияб сурат нилъеда бичМула рек1ел х1ал хисунги пикру х1алт1изабунги. Г1адада гурелъул адабият философиял- да, тарихалда, психологиялда дандекколеб ва г1умрудул т1ехьлъун, г1адан вич1ч1иялъул г1елмулъун рик1к1унеб.

Курс йу^ун буго тарихиябгун тематикияб тартибги ц!унун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай г!амлъизабизе, литературиял асаразда кколел лъугьабахъинал чIванкъотIараб тарихияб заманалда хурхарал руйин цIалдохъабазда бичIчIизабизе, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб байи-ба^ияб тарихияб заманалъул гIадамазул гIумруги гIамал-хасиятги ва рук!а-рахъинги гвангъун цебечIезабун букIин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб кьоялдаги гьел малъулел асаразул бугеб к!вар: гьанжесеб гIумруялъе битIараб къимат кьун бажаруларо, аралда дандекквечIого.

Школалда малъизе тIасарищун руго хъвадарухъанасул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе му- стах!икъал асарал.

Адабияталъул курс гIуцIун буго гьал хадусел бут1абаздасан:

1. Халкъияб к1алзул гьунар;
2. Хъвадарухъабазул маргьаби ва къисаби;
3. ХК г1асруялъул адабият;
4. ХХ г1асруялъул адабият (т1оцебесеб бащалъи);
5. ХХ г1асруялъул адабият (к1иабилеб бащалъи);
6. Дагъистаналъул халкъазул адабияталдасан;
7. Обзорал;
8. Адабияталъул теориялъул баянал.

Щибаб бут1аялъулъ кьун руго художествияб литератураялъул асаралги, гьезул аслияб проблема ва художествияб хаслъи рагьулел къокъал баяналги. Асарал малъулаго, хъвадарухъанасул гIумруялъул ва творческияб ну- халъул хIакъалъулъ баяналги кьезе ккола. Гьелъ квербакъула художествиял асарал гъваридго ричМизаризе гу- ребги, Ват1аналъе рит1ухъав, халкъалъул рух1ияб байрахъ борхатго кквезе къеркьарав раг1ул устарасул х1алуцараб г1умру, жигараб х1аракатчилъи баян гьабизе.

**Ц1алул предметалъул г1уц1иялда к1вар кьезе кколел рахъал**

Ц1алул предмет х1исабалда адабияталъул ц1акъ к1удиял ресал руго тарбия кьеялъул х1алт1иялъе. Гьелъ учите- ласе рес кьола, лъимадул пикру гьабизе бугеб гьунар, бажари ц1ик1к1инабизе гуребги, адабияталъул классиказ цере лъолел ругел масъалаби рит1ун ричМизе, ай хъвадарухъангун гара-ч1вариялде, бах1салде лъугьине ва гьелъул х1асилалда

къиматаб, бит1араб рух1ияб нухде ккезе. Абадиялъго къиматаллъун хут1улел къадруял г1амалазулгун лъай-хъвай гъаби, гъездехун рак1 ц1ай ккола школазда адабият малъиялъул аслияб нух ва гъелъ рес кьола гъадинал бищунго аслияллъун кколел масъалаби церелъезе:



- рух1ияб рахъалъ цевет1урав, маданиятги лъалев ва щвараб х1албихьиялдасан жамг1ияб г1умруялъулъ пайда босизеги бажарулев инсан куцай;
- инсанасул г1умру къиматаб жо бук1ин, гъесул эркенго цевет1езе ва бугеб махщел, гъунар камил гъабизе ихтияр бук1ин бич1ч1иялъул кьуч1алда гуманизмалъулал, инсан вокьиялъулал пикраби бот1ролъе лъугьинаризе ва гъенир щула гьаризе;
- гражданин х1исабалда бич1ч1и буголъиялъул кьуч1ал, жамг1ияталда ва дунялалда лъугьунеб бугеб жоялдехун жавабчилъиялъул бербалагьи ва жигараб ч1ара-хьараб пикру куцазе;
- патриотизмалъул асар, Ват1аналде ва гьелъул т1адег1анаб къадруялъул тарихалде ва культураялде рокьи, цогидал халкъазул тарихалде ва г1адатазде х1урматияб бербалагьи куцазе;
- х1акъикъиял лъугьа-бахъиназе эстетикияб ва адабазда данде кколедухъ къимат кьезе бажари, Ват1аналъул классиказул асараздаса т1адег1анал мисалал кьун, бугеб х1алалъ, г1адамазул берцинал гьоркьорлъаби ч1езаризе х1аракат бахъулелллъун рук1ине;
- ц1алул предмет ва искусствоялъул тайпа х1исабалда адабият камилго лъазабиялъе х1ажатаб бажариги лъайги щвеялде балагьараб творческияб захТматалде ругьун гьаризе.
- Аслияб школалда (5 - 9 классазда) авар адабият лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 340 саг1ат, щибаб классалда 68 сагIат (анкьида жаниб 1 саг!ат).

Ц1АЛУЛ КУРСАЛЪУЛ Г1УЦ1И V КЛАСС

ХАЛКЪИЯБ К1АЛЗУЛ ГЪУНАР

«Ганч1ил вас».
«Лъабго гьунар гьабурав бах1арчи».
«Х1амаги Бац1ги»
«Кьурулъ хут1арав Г1али»
Кицаби ва абиял БицанкЧаби
ЛъарагIазул халкъияб кечI «Янгъизасул кеч1»
Табасараназул халкъияб кеч! «Мискинлъи»
Даргиязул халкъияб кеч1 «Рагъ рик1к1ад бугониги...»
ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ МАРГЬАБИ ВА КЪИСАБИ
Ц1адаса Х1амзат. «Г ъалбац1ги Г1анк1ги»
Г1абдулмажид Хачалов. «Шахламаз»
Г1абасил Мах1амад. «Ч1ибирикъ»
XIX Г1АСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ
Инхоса Г1алих1ажияв. «Т1абиг1ат берцинаб жо»
Элдарилав. «Хъуру-хъара»
Ц!адаса Х!амзат. «ГТалибегил гьве»
ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА
Кочхюралдаса Саг1ид. «Милъиршо», «АхIе кеч1, ле г1ащикъ»
Абут1алиб Гъапуров. «Дир г1умру»
Г1азиз Иминагъаев. «Х1алт1ухъанасул г1умру»
XX Г1АСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ
Ц1адаса Х1амзат. «Гъудуллъи лъилгун кквелеб?»
Мух1амад Шамхалов. «Зурмихъабазул нохъода»
Мух1амад Сулиманов. «Х1инкъараб сапар»

Расул Хамзатов. «Вера Васильевна», «Маша».

Пабдулмажид Хачалов. «ТIаса лъугьа, гьалмагъ майор»

Фазу Палиева. «Рии тIадбан буго дир йалъиялда», «ЦIад» (1/2 бутIа)

Мух!амад ГIабдулхIалимов. «Инсул мина»

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

Абумуслим Жафаров. «СихIираб ци»

Кадрия. «Дир лъимерлъиялда хиял бурана»

АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ:

- Фольклоралъул хIакъалъулъ баян. Маргьаби ва гьезул тайпаби.
- Микьго гьижаялъул кочТолаб гТуцТи. Хабарияб ва шигТруяб калам. КочТол чвахи, аллитерация.

Хабарияб ва шиг1руяб каламалъул х1акъалъулъ баян гъварид гьаби. Рифма ва чвахи — коч1олаб каламалъул пасихЬлъиялъул форма.

Коч1ол 7 ва 8 гьижаялъул роцен. Адабиял маргьабазул х1акъалъулъ бич!ч!и, Халкъияздаса гьезул бат1алъи.

- Эпитеталъул х!акъалъулъ баян.
- Дандекквеялъул баян. Раг!ул бит!арабги хъвалсарабги маг!на.
- Дандекквеялъул рахъалъ баян гъварид гьаби. Раг!ул хъвалсараб маг!наялъул х!акъалъулъ бич!ч!и г!ат!ид гьаби.
- Асаралъул теория. Асаралъул темаялъул ва аслияб пикруялъул х!акъалъулъ авалияб баян.
- Дандекквей такрар гьаби, гьелъул к!вар коч!олъ рагьи.
- Адабияв багьадурасул х!акъалъулъ авалияб баян. Гаргар ва авторасул калам рекъонккеялъул к!варалъул бич!ч!и г!ат!ид гьаби.
- Эпитеталъул х!акъалъулъ баян г!ат!ид гьаби.
- Хабаралъул х!акъалъулъ баян.

КЛАССТУН КЪВАТ1ИСЕБ Ц1АЛИ

1. Гьабигьанасул лъимал» (маргьа).
2. «Рахъухъирщ» (маргьа).
3. «Бечелъи к1варич1о, махщел бокьила» (маргьа).
4. «Дир санал т1икъваялда хъван руго» (маргьа).
5. Аваразул кицаби, абиял, бицанкАаби (3. Алиханов).
6. Г1абдулмажид Хачалов. «Кусачиясулги бесдалазулги х1акъалъулъ маргьа».
7. Фазу Г1алиева. «ВатАаналъул мах1».
8. МухАамад ГАабдулхАалимов. «Нилъералго рицине бегьуларо».

9. ЦАадаса ХАамзат. «Их», «Хасел», «Оцол гАумру», «Радиоялъул хАакъалъулъ».
10. Заид ХАажиев. «ТАогъол магАдан».
11. Расул ХАамзатов. «ЛекАи», «Алазан», «Херал магАарулал».
12. МухАамад Шамхалов. «ЧАегАераб чу».
13. ГАарип Расулов. «КантАи».
14. Асадула МухАамаев. «ГъитАинав найихъан».
15. Тажудин Таймасханов. «Лъадал парччи».
16. Х1ажи Гъазимирзаев. «Дир Дагъистан».
17. Джамалудин Яндиев. «Куч1дул».

**VI** КЛАСС

ХАЛКЪИЯБ К1АЛЗУЛ ГЬУНАР
«Къайицадахъал»
«Ралъдал чу»
«Муг1рузул Г1али»
ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ МАРГЪАБИ ВА КЪИСАБИ
Г1абдулмажид Хачалов: «Г1акъилаб къадако»
Г1умарх1ажи Шахтаманов. «Халкъалъул ццин»
XIX ПАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ
Инхоса ГІалихІажияв. «Рицинин цо хабарал», «Кицабиял алфазал (Г1акълудал ралъадалдаса) Хъах1абросулъа МахІмуд. «РекІелъ иях! бугев...»
ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА
Г1умарил Батирай. Бах1арчиясул х1акъалъулъ куч1дул «Жамав ханасул илхъи цо дуцаго хъамулев...», «Ва- ракъалъул жалги ккун...», «Рагъ-кьал т1аде бач1ани...», «Бах1арчияв инсуе...», «Ч1аго таги бах1арчи...», «Ц1ар раг1арав бахТарчи...»
Ахтиса Х1ажи. «Мискинчияс гІакълу кьуни», «Цо кагъат битІе»
Йирчи Гъазахъ. «Икъбал», «Сибиралдаса кагъат»
Кьуркълиса Щаза. «Туманк1ул х1араялъуб», «К1анц1и хехаб муг1рул чан», «Саву ккун, хъах1лъун бугин», «Роц1араб къоялъ батун...»

XX Г1АСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

8

Ц1адаса Х1амзат. «Шамил», «Чоде», «Пилги ЦIунцIраги», «Маймалакги цIулал устарги»

Заид Х1ажиев. «ХIанчIикIкIал», «Цакьуги Циги»

Ражаб Дин-МухIамаев. «Хиянатчи»

Расул Хамзатов. «Российялъул солдатал», «Къункъраби»

Фазу Палиева. «Маг1арулав», «Дир рахьдал мацI»

Х!усен ХIажиев. «Палибегил къулгIа»

МухIамад Пабдулх^лимов. «Госпиталалъул вас»

Багъатар. «Дихъ ралагьун чIа, мугIрул», «Ц1ияв гьудул», «Гъайирбегица бицараб хабар», «Бац1илгун рагъ», «Т1абиг1аталъул сурат»

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

Эфенди Капиев. «Майарухь чвахунцIад», «Разведчикал», «Сабаб»

МухIамад-Султан ЯхIяев. «Питна», «Пурул ханал Гъазимбег Бах1андов. «Эмен»

АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ:

- Халкъиял к1алзул асаразул аслиял тайпаби (маргьаби, куч1дул, кицаби, абиял, бицанк1аби) такрар гьари. Г1ажаибал маргьабазул х1акъалъулъ баян г!ат!ид гьаби. Гиперболаялъул ва кидагосел эпитетазул х1акъалъулъ баян.
- Кидагосел эпитетал.
- Халкъиял маргьабаздаги хъвадарухъабаз ургъараздаги гьоркьоб бат!алъи,
- Коч!ол къот!елалъул (строфа) х!акъалъулъ авалияб баян.
- Метафоралъул х!акъалъулъ авалияб баян.
- Баснялъул х!акъалъулъ баян. Аллегория- лъул х!акъалъулъ бич!ч!и,
- Метафораялъул х!акъалъулъ бич!ч!и жеги гъварид гьаби.
- Хабариял асаразул тайпаби. Хабар. Къиса.
- Метафораялъул х!акъалъулъ бич!ч!и гъварид гьаби.
- Асаралъул г!уц!иялъул (композицилъул) х!акъалъулъ авалияб баян.
- Къисаялъул х!акъалъулъ баян гъварид гьаби.
- Пейзажияб лирика.
- Очеркалъул х!акъалъулъ баян г!ат!ид гьаби. Хабаралъул х!акъалъулъ баян.

КЛАССТУН КЪВАТ1ИСЕБ Ц1АЛИ

1. «Цилг1ин» (маргьа).
2. «Вацги яцги» (маргьа).
3. «Церги Чакъалги» (маргьа).
4. Гамзат Цадаса. «Зах1маталъул х1инч1ги ч1ух1араб рузги», «Царал бикьи», «Цурдузул гаргар», «Мукъур берцин», «Ч1унталил ханзаби».
5. Заид Гаджиев. «Дун вижараб росу, «ХъахIилаб экран», «Бац1ги церги», «Гъедуги Церги».
6. Гаджи Залов. «Шал ккураб гъалбацЬ> (басня).
7. Магомед-Султан Яхъяев. «Вацако».
8. Фазу Алиева. «Куч1дул».
9. Муса Магомедов. «Къо лъик1, шагьар», «Гьит1ишв гьокочи». (Къокъ гьабураб).
10. Арип Расулов. «Анищалъул цЗаялда хадур».
11. Магомед Шамхалов. «Баркаман».
12. Казимбег Багандов. «Эмен».
13. Абдул-Вагаб Сулейманов. «Гъуниб».

**VII** КЛАСС

ХАЛКЪИЯБ К1АЛЗУЛ ГЬУНАР

«Бокьуларо, эбел, рии бач1ине»

«Бокьуларо, эбел, рии бач1ине»

«Исубханги вехьги»

«Азайнисей»

«Хочбар» (3. X^жиевас къачIараб)

«Унсоколоса XIожоги гуржиявги»

**XIX** ПАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

Инхоса Палих^жияв. «Пелму ва жагьлу»

ЦIадаса Хамзат. «Дибирги г1анхвараги», «Ашбазалде»

**XX** ПАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

8

Асадулагь Мух^маев. «Маг1арулай» (к1иго кесек): «Ах1мад т1адвуссин», «Маккикъор» Мух^мад Хуршилов. «Пандалал»

Тажудин Таймасханов. «К1илк1азе биун т1ураб гулла»

МухIамад Сулиманов. «Васигат»

Расул Х1амзатов. «Эбелалъ дир кинидахъ», «Дагъистаналъул рохьал», «МагТарулал» Муса Мух1амадов. «Инсул гьалбал»

Фазу Г1алиева. «Эбелалда гьикъе», «Маг1арулазул нус»

Багъатар. «Чадил кесек»

Мух1амад Гунашев. «ЦТадулал соназул учитель»

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

Къияс Мажидов. «Муг[рузул цТумазе хвел букТунадай»

Багьавудин Митаров. «Бице гьудулзабазда»

Палирза СаЛидов. «Г1азул т[аргъал», «Рач1а гьудулзаби» Мух^мад-Расул. «Эбелалъул рах[му»

АбутIалиб Гъапуров. «Квешлъиялъе квешлъи»

АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ:

- Асаралъул гТуцТиялъул хТакъалъулъ баян гТатТид гьаби.
- Сатираялъул хТакъалъулъ авалияб баян.
- Адабияталъуласлиял тайпаби: эпос, лирика ва драма (авалияб баян).
- Поэмаялъул хТакъалъулъ авалияб баян.
- ШигТруяб ва хабарияб каламалъул хТакъалъулъ баян гТатТид гьаби. КочТол гТуцТи, Анкьго ва анцТила цо гьижаялъул роцен, гьезул чвахи.
- Адабияб хасият-гТамалалъул хТакъалъулъ авалияб баян.
- Асаралъул гТуцТиялъул (композициялъул) хТакъалъулъ баян гТатТид гьаби.
- Поэмаялъул х1акъалъулъ баян г!ат!ид гьаби. Мац1алъул пасих1лъи, х1алуцин, аллитерациялъул роцен ва гьелъул к1вар.

бечелъи. Анкьго гьижаялъул

КЛАССТУН КЪВАТШСЕБ Ц1АЛИ

1. Ц1адаса ХРамзат. «Дир г1умру», «К1удияв Х1асан».
2. Мух1амад Шамхалов. «Ч1ег1ерав чи».
3. Асадула МухРамаев. «Чаландар».
4. Шах-Эмир Мурадов. «МагРарухъ рогьел» («Рассвет в горах»).
5. Расул ХРамзатов. «МагРарул къиса», «МагРаруласул ватРан».

6. Г1арип Расулов. «КьогРал конфетал».
7. МухРамад ГРабдулхРалимов. «Циги т1инч1ги».
8. Тажудин Таймасханов. «К1илк1азе биун т1ураб гулла».
9. Фазу Алиева. «18 абилеб их».
10. Абакар Т1агиров. «ГРандадерил ралъдахъ».
11. ГРумар-ХРажи Шахтаманов. «Кьурулъ нух щвеч1еб бис».
12. МухРамад-Загьид Аминов. «Гьудуллъиялъул улка».
13. МухРамад Атабаев. «Замана».

АВАР АДАБИЯТАЛЪУЛ ТАРИХИЯБ КУРС

**VIII** КЛАСС

XIX Г1АСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

17-19 г1. адабият. Обзор.

Хьаргабиса Мух1амадбег. «Г1онк1к1олги дирги ккараб»

Къудукьа Мусал Мух1амад. «Маг1арда г1азу буго»

Г1аймакиса Абубакар, Кудалиса Х1асан. «Ункъц1ул хисулеб дунял», «Леян ах1идал ах1макъ», «Чи х1алалда то- ларо»

Инхоса Г1алих1ажияв. «Гьекъел-мехтел», «Исрапчиясде», «Ракь»

Ч1ик1аса Мух!амад. «Ах1улгох1 бахъиялъул кеч1»

Ругъжаса Элдарилав. «Жергъен гьартун ккана»

Бакьайч1иса Ч1анк1а. «Сайгидул БатIалиде», «TIалхIатиде»

Хъах1абросулъа Мах1муд. «ХъахIилаб зодихъе багIарбакъул нур», «Почтовой кагътиде керенги чучун», «Росдал бет1ералда, т1охил раг1алда...»

Инхелоса Къурбан. «Наибзаби х1елун», рокьул лирика: «Борхатаб маг1арда», «Г1енекке, йокьулей», «Бахъа, къалам»

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

Къалухъа Мирза. «Ханасе жаваб», «Г1ашикъ булбул»

Йирчи Гъазахъ. «Векьарухъанасул кеч1»

Ятим Эмин. «Васият», «Къват1ул харбал ц1алк1улел херал руччабазде»

Мунги Ах1мад. «Къат1ра рит1ухълъи гьеч1еб, панаяб дунял», «Шамилил суд»

XX Г1АСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

20 г1. адабият. Обзор.

8

Ц1адаса Х1амзат. «Айдемир ва Умайгьанат», «Пумруялъул дарсал» Мух1амад Хуршилов. «Сулахъалъ нуг1лъи гьабула» («Кьода нус»)

Мух1амад Шамхалов. «Вац»

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

Анвар Аджиев. «Бах^рчиясул куркьби»

Юсуп Хаппалаев. «Оцбай», «Халкъияб кечЪ>

Муталиб Митаров. «Устар» (къокъ гьабураб)

АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ:

- Тарихиябгун адабияб процессалъул х1акъалъулъ авалияб бич1ч1и.
- Художествияб сипаталъул х1акъалъулъ баян.
- Сипатиябкаламалъул (мац1алъул) х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби.
- Антитеза, (баян). 11 гьижаялъул коч1ол роцен.
- Художествияб каламалъул хЫкъалъулъ баян гIатIид гьаби.
- Драмаялъул асаразул аслиял тайпаби. Комедия. Драмаялъул асаралъул сюжет.
- Хабариял асаразул тайпаби такрар гьари. Романалъул хЫкъалъулъ бичМи.

**КЛАССТУН КЪВАТ1ИСЕБ Ц1АЛИ**

1. «Исубханги вехьги».
2. «Азайнисей».
3. Элдарилав. «Сибирь къотАидал», «Аваданай гьудул».
4. ЧАанка. «ТАаде магАарухъе».
5. Алигаджи из Инхо. «Гьурмадул берцинлъи гАун».
6. ХъахАабросулъа МахАмуд. «Эбел ва яс».
7. Инхелоса Къурбан. «Дунял къалъулеб».
8. Щадаса ХАамзат. «Хьитазул устар».
9. Расул ХАамзатов. «Эбелалде кеч1», «Батирай».
10. Заид Х1ажиев. «Сулахъ гАурул рагАалда».
11. Асадула МухАамаев. «МагАарулай».
12. АхАмад ХАамзатов. «Ральдал тАиналда».
13. Тажудин Таймасханов. «Хъумуз».
14. ГАумар-ХАажи Шахтаманов. «Ихдалил чапар».
15. Машидат Гъайирбекова. «Вехьасул намус».
16. Г1арип Расулов. «Къункърабазул моцА».
17. Х1абиб Г1алиев. «Нух къосараб хвел».
18. Камиль СултАанов. «Рохьоб».
19. Мирза МухАамадов. «ВатАаналде».
20. Ханбиче Хаметова. «ГАанхил Марин».

**IX** КЛАСС

1950-90 СОНАЗДА АВАР АДАБИЯТ

Расул Х1амзатов. «Дир рак1 муг1рузда буго», «Дир Дагъистан» (гьелдаса «Мац1», «Хъвадарухъанасул зах1мат», «Хъвадарухъанасул рит1ухълъи, лебаллъи», «Сундасан мун данде гьабун бугеб, Дагъистан?», «Гьаб улкаялда чи вижараб куц»), «Эбелалде», «Авар мацI», «Милъиршаби»

Г1абдулмажид Хачалов. «Хваразул цIаралдасан»

Муса Мух1амадов. «Манарша» (къокъ гьабураб)

Х1ажи Гъазимирзаев. «Васасде», «Гьудуласде», «Лъалхъуге, дир барти»

Машидат Гъайирбекова. «Эбелалъул ракI», «Эбелалъул кечI», «КочIолъ батана дир рухI»
Ц1адаса Х1амзат. «Балагьалъул гъамас»
Фазу Г1алиева. «Кини», «Муг1рузул закон»
Г1абасил Мух1амад. «Саба Меседо», «Дун росулъа вас вуго» «Литературияб математика»
Г1умар-Х1ажи Шахтаманов. Лирика: «Къаралазул гIор», «Рач!а, гьудулзаби», «Пандадерил хIор»
Парип Расулов. «Хазина»
Багъатар. «Севералда бугеб дир милъиршо», «ЦIадакьа бахчулеб дир чанил бурутЪ>
МухIамад АхIмадов. Лирика: «Дие бокьун буго», «Сардалги къоялги къацандулелъул...», «Гьале г1азу балеб...», «Ч1ужуг1адан», «Инхоса Г1алих1ажи, яги заманаялъул баллада».
Г1адалло Г1алиев. Лирика.
Г1абдула Даганов. «Ц1ияб сон» (хабар)
Гъалбац1ов Гъ. «Сонетал»
Х1амзаев М. «Ц1уне, Аллагь, Дагъистан», «Маг1арул мац1», «Нилъ руго маг1арулал», «Кида маг1арухъе нахъ рус- синел нилъ», «Сапаралги рихун»
Х1асанов Ж. «Эбел», «Лъаларо, кида дилъ т1атараб Ват1ан», «Чанц1улха вачарав рек1ел хиялаз»
ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА
Хизгил Авшалумов. «Дир мадугьал - дир тушман»

Нурадин Юсупов. «Гъавураб къо» (поэма)

Ах1мадхан Абу-Бакар. «Даргиязул ясал», «Магьидул хъалиян», «К1иго херлъи» Ибрагьим Х1усейнов. «Имам Шамилги ягьудияв Юсупги»

Жачаев А., Атабаев М., Мух1амадов Б.

АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ:

- Позмаялъул х!акъалъулъ баян жеги г!ат!ид гьаби.
- Пейзажияб лирикаялъул х!акъалъулъ баян гъварид гьаби.
- Асаралъул г!уц!иялъул х!акъалъулъ баян г!ат!ид гьаби.
- Трагедиялъул х!акъалъулъ баян. Драматургиял асаразул х!акъалъулъ бич!ч!и гъварид гьаби.
- Художествияб адабияталъул баян г!ат!ид гьаби.
- Коч!ол анлъжугьабазул г!уц!и.
- Темаялъул, пикруялъул ва адабияб сипаталъул х!акъалъулъ баян г!ат!ид гьаби.

КЛАССТУН КЪВАТШСЕБ ЦГАЛИ

1. Расул Х1амзатов. «Руччабазул кверал».
2. Машидат Гъайирбекова. «Рак1алъ ц1а г1олеб буго».
3. Мух1амад Сулиманов. «Огниялда».
4. Муса Мух1амадов. «Рик1к1адал муг1рузда», «Г1урччинаб квербац1».
5. Фазу Г1алиева. «Гъалайчи».
6. Х1усен Х1ажиев. «Таваккал» (къиса).
7. Г1абдулмажид Хачалов. «Чадил х1акъалъулъ раг1и».
8. Тажудин Таймасханов. «Ч1ег1ерабнак1к1» (къиса).
9. МухТамад ГТабдулхТалимов. «ЧТагоял тТугьдул».
10. Пабасил Мах1амад. «Камалил Башир».
11. Майсарат Мух1амадова. «Х1асрат».
12. Мух1амад Г1исаев. «Анлъабилеб океан (т1ехь).
13. Пабдула Даганов. «Эбелги, дунги, кеч^и» (т^хь).
14. Раиса Ахматова. Лирика.
15. Рашид Рашидов. Куч^ул.

**Ц1алул предмет лъазабиялъул х1асилал**

Федералияб пачалихъияб лъай кьеялъул стандарталъул (хадубккун - ФГОС) т1алабазда[8] рекъон, «Авар адаби- ят» лъазабун хадуб, ц1алдохъаби гьал хадусел ***напсиял, метапредметиял ва предметиял*** х1асилазде щола:

**Напсиял х1асилал**

***«Авар адабият» лъазабиялъул лъик1ал х1асилал ккола ц1алул*** ва ***тарбия кьеялъул*** х1аракатал цадахъ х1алт1иза- руни, адабияталъул социалияб, маданиябгун-рух1ияб къимат бугел, жамаг1аталъ къабул гьарурал хьвада- ч1вадиялъул, т1адег1анаб г1амал-хасияталъул, ях1-намусалъул бицарал асарал малъиялдалъун.

Гьез кумек гьабула ц1алдохъанасе живго жиндаго лъазе, тарбия щвезе, цеве т1езе, жиндирго пикру ккун ч1езе. «Авар адабияталъ» малъиялъул х1асилаз бихьизабула ц1алдохъан кин х1адур вугевали жиндирго лъай г1ат1ид ва гъварид гьабизе, гьеб аслиял тарбия кьеялъулал мурадал т1ураялде буссинабизе.

Тарбия кьеялъул аслиял бут1аби ккола:

Г ражданияб тарбия кьеялъул рахъалъан

- щивав инсанасул ихтияразул, эркенлъабазул, цогидал гIадамазул закониял ихтияразул, х!ажалъабазул хIурмат гьаби;
- адабияталъул асаразулъ кколел лъугьа-бахъиназда рекъон хъизаналъулъ, ц!алулъ, росдал ва пачалихъалъул гIумрудулъ жигараб г1ахьаллъи гьаби;
- экстремизм ва дискриминация къабул гьабунгут[и;
- инсанасул г[умруялъулъ социалиял институтазул бак! бичМи;
- адабияталъул асараздасан мисал босун, ккаралъур цоцазе кумек гьабизе х1адурал рук[ине;
- школалъул хасал тадбиразда жигар бахъун х1алт1изе ва г[адамазе пайдаялъе х[алт[изе (волонтёрство).

Ват1ан бокьиялъул тарбия кьеялъул рахъалъан

- жив Россиялъул ва Дагъистаналъул гражданин вук1ин бич1ч1и;
- Ват1аналдехун рокьи ва адаб-х1урмат бижизаби, Ват1аналдаса ва миллатал г1емераб Республикаялдаса ч1ух1и;
- жив маг[арулав вукIин бичIчIи, г[агараб ракьалъул ва жиндирго миллаталъул маданият, тарих, мацI лъай;
- Ват1аналда цебе жиндирго налъи тIубазе кколеблъиялъул ва жавабчилъиялъул асар куцай;
- маданияб, динияб г[умруялъулъ гражданияб цолъи ц1уни;
- адабияталъул асаразулъ загьирлъарал пачалихъалъул бергьенлъабазе - г[елмиял, маданиял, спорталъул, техноло-

гиязул рахъалъ, зах1маталъул, рагъулал - бит[араб къимат кьей;
- пачалихъалъул символазул, байрамазул, тарихияб ва т[абиг[ияб ирсалъул, бат[иял миллатазул г[адатазул адаб- хатир гьаби.

Рух1ияб тарбия кьеялъул рахъалъан
- г1адамазул г[умруялъул, маданияталъул, мац[алъул рахъалъ ругел бат1алъаби х[исабалде росараб жакъасеб г[елмуялъул даражаялда ва жамг[ияб практикаялда дандекколеб цогояб бич[ч[и лъугьинаби;
- асаразул багьадурзабазул рух1ияб дуниялалъе бит1араб къимат кьезе бажари;
- ккараб мехалъ т1адег1анаб г1амал-хасияталъул, ях1-намусалъул, хьвада-ч1вадиялъул г1адамазул рахъалде ц1айи гьаби;
- жамаг1аталда рилълъанхъарал моралиял къаг[идабазда рекъон хьвади;
- асоциалиял ишал нахъч[вазе бажари, жидерго ва цогидазул рук1а-рахъиналъе, хьвада-ч1вадиялъе бит[араб къимат кьезе бажари;
- живго эркенав инсан вук1ин бич1ч1и;
- жинца гьарулел ишаздехун жавабчилъиялъул бербалагьи куцай;
- жамаг1аталъе пайдаял ишалги, ц[алулгин г[елмиял, ц[ех-рехалъулал, творческиял ва цогидал х1алт1абиги гьарулаго, ч1ах[иязулгун ва г[исиназулгун, цадахъ х[алт[улел г1елцоязулгун гьоркьоблъи гьабизе бажари;
- инсанасул ва жамг1ияталъул г1умруялъулъ хъизаналъул к1вар бич1ч1и, хъизамалда гьоркьоб гьабулеб г[умруялъул къиматал рахъал къабул гьари, ва жидерго хъизамалда гьоркьоре унел г1адамаздехун х1урматияб ва т[алабалъулаб бербалагьи г1уц1и.

Эстетикияб тарбия кьеялъул рахъалъан
- батIияв чиясдехун ва гьесул пикруялдехун, щивав чиясул цо сундениги бугеб бербалагьиялдехун, диналдехун, мацIалдехун, маданияталдехун, гIадатаздехун ва тарихалдехун хIалбухълъи гьечIеб балагьи лъугьинаби;
- цогидазулгун гар-гар гьабизе, гьел ричМизе х[адуралльун ва бажари бугелльун куцай;
- гIел бащадазда ва ч!ах!иязда гьоркьоб хьвада-чIвадизе лъай, школалъул жидецаго жидеего нухмалъи гьабулел гIуцIабазулъ ва жидерго г[елалъе дандеккараб жамгIияб г[умруялъулъ гIахьаллъи гьаби;
- искусствоялъул, адабияталъул эмоционалияб (рек1ее асар гьабулеб) хасият бихьи;
- адабияталъулъ ва искусствоялъул цогидал тайпабазулъ жалго загьир гьаризе бугеб рес бихьи ва гьеб ресалдаса пайда босизе ругьунлъи;

- Российялъул ва Дагъистаналъул халкъаз нилъее тарал искусствоялъул, адабияталъул[8], к1алзул гьунаралъул бечелъиги къиматги бич1ч1и.

Сахлъи ц1униялъул тарбия кьеялъул рахъалъан

- ц1аларал асаразул мисалалда, жиндирго г1умруялъул х1албихьи х1исабалде босун, инсанасул г1умруялъул к1вар, къимат бич1ч1и;
- жиндирго сахлъиялдехун жавабчилъиялъулаб бербалагьи куцай, ва гьеб ц1унизе пайдаял тадбирал гьаризе ккей бич1ч1и;
- заралиял г1амалал (гьекъей, хъалиян ц1ай, наркотикал х1алт1изари) ва гьел хьвадизариялъул х1асил бич1ч1и;
- сахлъи ц1униялъул мурадалда интернеталдаса ва т1абиг1аталдаса бит1ун пайда боси;
- х[инкъи гьеч1еб ва сах-саламатаб г[умру гьабизе лъай;
- г1адамазул сахлъиялъеги г[умруялъеги х[инкъи бугел лъугьа-бахъинал ккараб мехалъ, хьвада-ч[вадиялъул къаг[идабиги лъай;
- жиндирго ва сверухъ ругезул эмоционалияб х1алалъе къимат кьезе ва гьеб низамалда ч1езабизе бажари, адабияталдаса мисалазде мугъч1вайги гьабун;
- жиндирго ва цогидазул хьвада-ч1вадиялъулъ гьалат1 ккезе рес ва ихтияр бук1ин бичМи.

Зах1маталъул тарбия кьеялъул рахъалъан

- бокьараб х1алт1ул ва х1алт1ухъанасул къимат ва адаб гьаби;
- адабияталъул асараздаса ва жидерго г1умруялъул лъаялдаса, х1албихьиялдаса пайда босун, бат1и-бат1иял пишабазул, х1алт1абазул х1акъалъул лъай ва баянал г1ат1ид гьари;
- жиндирго пиша камилъизабиялъул мурадалда т1убараб г1умруялъ ц1алдезе ккей бич1ч1и, литературиял багьадурзабаздасаги мисал босун;
- сверухъе ругел тIасарищизе бегьулел, жиндиего рокьулел махщелазул хIисабги гьабун, лъай босиялде жиндирго бугеб ч^рахьараб гьираги х!исабалде босун, лъай босиялъе хадубккун жиндаго хасаб нух бичМун тIаса бищи ва гьелда рекъон ц!али гIуцIи.

Экологияб тарбия кьеялъул рахъалъан

- жамг1иял ва т1абиг1иял г1елмабазул кумекалдалъун жиндиего щвараб лъаялдаса пайдаги босун, гьелда рекъон рорцине жиндирго ишал ва гьезул ккезе бегьулел х1асилал;
- рухМаголъабазул ва хурдузул сверухъ бугеб дунялалдехун ва цоцаздехун бугеб бухьеналъул яги гьоркьоблъи- ялъул

бицунеб г1елмуялъул (экология) лъай ва маданияб даража борхи;

- сверухъ бугеб т1абиг1аталъе рек1к1 гъабулел ишал гьарунгут1и ва гьединал ишал х1ехьезе к1унгут1и, адабияталъул мисалаздеги мугъч1вай гьабун;
- сверухъ бугеб т!абиг!аталдехун цIуна-къараб бербалагьи букIинаби, т1абиг1ат ц1униялъул мурадалда ишал гьар- изе х1адурав вук1ин.

Г1елму малъиялъул к1вар щай жив ц1алулев вугев, щиб мурадалъе г1оло жинца лъай борхизабулеб бугебали бич1ч1ун, жиндирго лъай бо- сиялдехун ва борхизабиялдехун, пикру-г1акълу цебет1езабиялдехун жавабчилъиялъул бербалагьи лъугьинаби;

- хъвада-ч1вадиялъул, вук1а-вахъиналъул суалазулъ инсан ва т1абиг1ат, жамаг1ат цебет1еялъул х1акъалъулъ ругел ахирисел г1елмиял баяназде, бербалагьиялде, хасго жамг1иял ва т1абиг1иял г1елмабазде мугъч1вай гьаби;
- малъарал ва жинцаго ц1аларал асаразде мугъч1вайги гьабун, т1абиг1атгун ва жамаг1атгун инсанасул бугеб бухьен бичМи;
- сверухъ бугеб дуниял бичМизе, гьелда нахъг1унт1изе мурадалда каламалъул ва ц1алдохъанлъиялъул даража борхизаби;
- адабият малъиялдаса пайдаги босун, ц1ех-рех гьабиялъул лъай ва бажари щула гьаби;
- мац! ва адабият лъазабиялъ т!олго дуниял лъазе нух рагьи.

**Метапредметиял х1асилал**

- Жинца гьабулеб ц1алиялъул, живго жиндаго ч1ун, мурад бихьизабизе, ц1алиялъулъ[8] жиндиего ц1иял масъалаби лъезе, лъай борхизабиялъулъ гьира ц1ик1к1инабизе;
- жиндирго мурадал т1уразариялъе г1оло, живго жиндаго ч1ун, планал гьаризе; ц1алул ва лъай борхизабиялъул масъалаби т[уразе, х1асил кьолел къаг1идаби рич1ч1ун т1аса рищизе;
- калам ва гаргар гьабиялъул къаг[идаби дандрекъон кколедухъ х[алт[изаризе лъазе, каламалъул монологиял ва диалогиял формабаздаса ва гьезул бат[и-бат[иял тайпабаздаса пайда босизе;
- жинцаго т1орит[улел х1алт1аби планалда рухьинаризе (дандеккезаризе); жинцаго гьабулеб х1алт1уда хадуб хал-кквезе; цере лъурал масъалабазул ва т[алабазул г[орхъода гьарулел х1алт1абазул къаг[идаби ч[езаризе;
- ц[алул масъала т[убаялъул дуруслъиялъе ва гьеб т[убазабизе жиндирго бугел ресазе бит1араб къимат кьезе лъай;
- жиндиего бит1араб къимат кьезеги жиндаго хадуб халкквезеги бажари; ц[алул ва нахъг[унт[иялъул х1алт1аби т[асарищизе лъай;
- раг1абазул маг[на бихьизабизе, г[аммаб х[асил гьабизе, цоцада релълъинаризе, цоцада релълъарал предметал тайпабазде рикьизе; гьел тайпабазде рикьиялъе кьуч1 ва роцен балагьизе;
- г[иллаялъулаб бухьен ч[езабизе, ц[ех-рех гьабизе, цоцалъ рекъезарун пикраби загьир гьаризе, ургъун х1асил гьабизе ва ц1ияб х[асилалде вач[ине бажари;
- муг1алимасда ва г[ел бащадазда цадахъ ц[алиялда хурхарал х1алт1аби гьаризе, къокъаялъулъ живго цох[о, бат[аго х1алт[изе;
- даг1ба-раг[и ккараб мехалъ, киназулгогунги рекъезабун, киназулго ругел мурадалги х[исабалде росун, г1аммаб х[укмуялде вач[ине;
- жиндирго пикру загьир гьабизе бажари;
- жинца загьир гьабураб пикру бит1араб бук1ин бихьизабизе, далил бачине ва къеркьезе бажари;
- жиндирго ишалъул план гьабизе ва гьеб рук1алиде ккезабизе,
- жиндирго рек1ел асар, пикраби ва т1алабал рич[ч[изаризе, гара-ч[вари гьабиялъул мурадалда калам гьабиялъе х1ажалъулел къаг1идаби рич[ч[ун х[алт[изаризе бажари;

30

- информациялъулабгин-коммуникативияб технологиялдаса пайда босизе бажари;
- бат1и-бат1иял пикраби загьир гьаризе ихтияр бук1иналъе мук1урлъизе ва, гьебги х1исабалдеги босун, цадахъ рекъон х!алт!изаризе жигар бахъи;
- жиндирго пикру ва ракМей цогидазда бичIчIизабизе, гьелъие кьуч!ал хIужжаби рачине;
- цадахъ рекъон х!алт!улаго ва гIаммаб х^кмуялде рачIунаго, жиндирго пикру цогидазул пикругун рекъезабизе бажари;
- х!укму гьабилалде ва битIараб пикру тIаса бищилалде цебе батIи-батIиял пикраби мухIкан гьаризе ва дандекkве- зе бажари;
- цадахъ х!алт!улаго, дандекколарел мурадал ругониги, гIаммаб х^кмуялде рачIине бажари;
- жиндирго иш гIуцIиялъе ва дандиявгун рекъон х^йиялъе дандекколел суалал лъезе бажари.

**Предметиял х1асилал:**

- МагIарулазул ва цогидал халкъазул фольклоралъул, авар ва цогидал Дагъистаналъул миллатазул адабияталъул лъазарурал асаразул аслиял темаби ва цереч^рал масъалаби ричIчIизе;
- жинцаго цIализе фольклоралъул асарал тIасарищизе;
- жинцаго загьир гьабураб йалзул ва хъвавул каламалъулъ фольклоралъул гIисинал жанрал (кицаби, абиял ва гь.ц.) х!алт!изаризе;
- дандекколеб интонацияги цIунун, маргьаби ва къисаби пасих^о цIализе;
- жиндирго каламалъулъ халкъиял маргьабазе хасиятал художествиял къайидабиги хIалтIизарун, маргьаби рицине;
- маргьабазулъ гьезие хасиятал художествиял къаг!идаби ратизе ва гьелъул кьуч!алда маргьабазул жанрал рат^гь- аризе, литературияб маргьа фольклориялдаса батIабахъизе;
- батIи-батIиял халкъазул маргьаби дандекквезе, гьезулъ щибаб халкъалъул хьвада-ч^адиялъул мурадлъун бугел рахъал кин рихьизарун ругелали бихьизе (цогидал халкъазулги жиндирго халкъалъулги мурадлъун ругел хасия- тазулъ (идеалазулъ) гIаммаб жо ва бат!алъи батизе);

- маргьа яги къиса ургъизе (цо кициялда рекъонги бегьула), яги хадуб-цебе рекъараб, цо маг1наяб мухъ ц1унараб хабар ургъизе;



- бат1и-бат1иял халкъазул коч1одалъун хъварал бах1арчилъиялъул тарих бицунел асарал дандекквезе ва гьезул миллиял хаслъаби рат[агьаризе;
- мух[канал хасал рихьизариялги нухмалъиялъе росун, живго жиндаго ч[ун ц[ализе, бат[и-бат[иял халкъазул к[ал- зул асарал т[асарищизе;
- темабазул, цереч[арал масъалабазул ва сипатазул рахъалъ бат[и-бат[иял халкъазул фольклоралъул асаразда гьор- кьор ругел хурхенал ч[езаризе (ре-лълъенлъи ва бат1алъи х[исабалде босун);
- тексталъул жанралъулгин-сипаталъул т1абиг1атги х[исабалде босун, дандекколедухъ анализ гьабулеб къаг1ида т1асабищизе;
- художествияб тексталъулъ поэтикаялда хурхарал бак[ал ратизе, гьелъул художествияб ва маг[наялъулаб к[вар бихьизе;
- баян кьураб хасияталъул цогидазул текстал дандекквезе ва х[ужжабаздалъун гьезие къимат кьезе;
- искусствоялъул бат[иял алатаздалъун г[уц[арал художествияб тексталъул баяназе (интерпретациялъе) къимат кьезе;
- литературиял асараздаги гьел хъвараб заманалдаги гьоркьоб бугеб бухьен бичМизе; гьезулъ бугеб заманалъ хи- сизабулареб, ай киналго заманазе дандекколеб рух1ияб бечелъиялъул жакъа къоялдехун бугеб хурхен загьир гьабизе;
- литературияб асаралъул анализ гьабизе, гьеб кинаб тайпаялъул, жанралъул бугебали ч[езабизе, литературияб асаралъул тема, идея, рух[ияб пафос баян гьабизе ва бичМизе, гьелъул героязе къимат кьезе, цо яги чанго асаралъул героял дандекквезе бажари;
- асаралъулъ сюжеталъул, композициялъул бут1аби, мац[алъул хаслъаби рихьизари, асаралъул идеялъулабгин - художествияб маг1на рагьизе гьезул бугеб к1вар (филологияб анализалъул бут1аби) бич[ч[и, литературияб асаралъул анализ гьабулаго, бищунго г[адатаб литературоведениялъул терминология лъай;
- авар адабияталъул ва маданияталъул рух[иялгин-хьвада-ч[вадиялъул, адабалъул къиматал жалазда рак[ хурхина- би, гьел цогидал халкъазул рух[иялгин-хьвада-ч[вадиялъул къиматал жалгун дандекквей;

- адабияталъул асараздехун жиндирго хасаб пикру лъугьин ва гьезие къимат кьей;
- малъарал, лъазарурал литературиял асаразул х1акъалъулъ (цо-цо мехалъ, х1ажалъиялда рекъон) жиндаго бичМу- леб баян кьей;
- героялдехун авторасул ва жиндирго гьоркьоблъи загьир гьаби;
- г!енеккун ба^и-байиял жанразул литературиял асарал ричМи, пикру гьабун цIали ва ц!алараб асар дандрекъон кколедухъ битIун бичМи;
- харбидалъун, ай прозаялдалъун хъварал асарал яги гьезул бутIаби, рахьдал мацIалъул сипатиял алатаздаса ва тексталдаса росарал цитатаздаса пайдаги босун, ц^дасан рицинеги, цIалараб яги гIенеккун райараб тексталда тIаса лъурал суалазе жавабал кьезеги, кIалзул формаялда батIи-батIияб тайпаялъул монологал загьир гьаризеги, диалог йуцМеги бажари;
- лъазарурал асараз тематикаялда, проблематикаялда хурхарал темабазда тIаса изложениял яги сочинениял, клас- салда яги рокъор кьурал творческиял хIалтIаби, адабияталъул ва г!аммал культуриял темабазда т!аса рефератал хъвай;
- рагIабаздасан гIуцIараб искусствоялъул гьунар хМабалда, адабияталъул дандекквеязул йабигМ, адабияталъул асаразул берцинлъи, эстетика бичМи;
- рахьдал мацIалъул рагIул бугеб эстетикияб йварги адабияталъул асаразул художествиял сипатал гIуцIиялъулъ, мацIалъул батIи-батIиял алатазул бугеб кIварги бичIчIи.

**КЛАССАЗДЕ РИКЬУН ПРЕДМЕТИЯЛ Х1АСИЛАЛ:**

**5 класс**

1) адабияталъул инсанияталъулаб к1вар ва гьелъ ват[аналде рокьи, халкъазда гьоркьоб гьудуллъи бижизабизе;

2) хъвадарухъанлъи махщел бук1ин ва адабияталъул асаразул г1елмиял, публицистикиял асараздаса бат1алъи бич1ч1изе;

3) художествияб асар бичМиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьелъие баян кьеялъул аслиял гьунарал це- ретIезаризе;

- асаралъул тема ва идея битIун ч[езабизе, адабияталъул тайпабазул ва жанразул х[акъалъулъ аслияб бичIчIи букIине,

героязул сипатал рахъизе лъай, шиг1рияб ва прозаялъулаб мацIалъул батIалъи чIезабизе;

- аслиял адабияталъул терминазул маг[на бичIчIизе, лъазе ва гьел асаралъул анализ гьабулаго бит[ун х[алт[иза- ризе бажаризе, гьезие бит1араб баян кьезе бажаризе: художествияб адабият ва халкъияб к[алзул гьунар; проза ва поэзия; художествияб образ; адабияталъул жанрал (халкъияб маргьа, хабар, къиса, кеч1, басня); тема, идея, проблематика; сюжет, композиция; адабияталъул героязул мац[алдалъун гьезул сипат бахъизе; портрет, пейзаж, художествияб алат; эпитет, дандекквей, метафора, олицетворение; аллегория; наку (ритм), рифма;
- ц1аларал асаразул темаби, сюжетал ва образал цоцада дандекквезе лъазе;
- фольклоралъул ва адабияталъул асарал цогидал махщалил тайпабигун (кино, театр, суратал рахъи, музыка) учителасул кумекалдалъун яги живго жиндаго ч[ун дандекквезе лъазе;

4) пасих[го ц[ализе ва 5 кеч1 рек1ехъе лъазабизе, гьез жиндиего гьабураб асар загьир гьабизе бажаризе;

5) ц[алараб асаралъул х1асил бицине бажари (дурусаб, къокъ гьабураб яги т1аса бищараб бут1аялъул), ц[ала- ралда т1асан суалазе жавабал кьезе ва жинцаго суалал лъезе бажари;

6) ц[аларал асаразда т1асан гьабулеб накъиталда, хабаралда гъорлъ г1ахьаллъизе, асаралъе бит[араб къимат кьезе хТужаби ралагьизе лъазе;

7) к1алзулаб ва хъвавулаб калам цебет1езабизе, бат1и-бат1иял жанразул х1алт1аби т1уразариялдалъун (70 ва ц1ик1к1ун раг1иялдаса г1уц1араб);

8) фольклориял ва адабияталъул асаразе къимат кьезе ва гьезул баян гьабизе бажаризе;

9) сверухъ бугеб дуниял лъик! лъаялъе, рухIияб цIебетIеялъе, эстетикияб ва эмоционалияб асар щвеялъе фольклоралъул ва адабияталъул бугеб к1вар бичМизе;

10) паракъатаб заманалда цIалулел асаразул сиях! мугIалимгун данд-бай, ц1иял асарал цIалиялдалъун гIакълу камил гьабизе;

11) муг1алимасул нухмалъиялда гъоркь ц1алул проектал г1уц1иялда гъорлъ г1ахьаллъизе ва гьел рихьизаризе ругьунлъизе;

12) Словарал, справочникал, электронниял ресал бит1ун х1алт1изаризе бажаризе.

## 6 класс

1) адабияталъул инсаниятальулаб к1вар ва гьелъ ват1аналде рокьи, халкъазда гьоркьоб гьудуллъи бижизаби;

2) хъвадарухъанлъи махщел бук1ин ва адабияталъул асаразул г1елмиял, публицистикиял асараздаса бат1алъи бич1ч1и;

3) художествияб асар бичМиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьелъие баян кьеялъул гьунар цебет1езабизе;

- асаралъул тема ва идея бит1ун ч1езабизе, адабияталъул тайпабазул ва жанразул х1акъалъулъ аслияб бич1ч1и бук1ине, асаралъул героясул ва авторасул позиция бичМизе ва рагьизе бажари; героязул сипатал рахъизе лъай, шиг1рияб ва прозаялъулаб мац1алъул бат1алъи ч1езабизе;
